Nomer 33 Salasa 15 Februari 1927 (12 Rewah 1345) Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## Rahajat djeung papa-rentahan.

Djaman kiwari teh djaman noe diseboet „alam somah moerba" tea, lantaran ajeuna mah noe djadi kapala nagara ngadjalankeun paparentahanana geus teu bisa sakarep isoen, koedoe noeroetkeun sakoemaha kahajang rahajat noe panglobana, nja woedjoedna dina sorana wakil somah noe aja di Bale rahajat" (?)

Djadi saenjana bangoenna paparentahan teh aja dina tangan pagoejoeban-pagoejoeban noe panggedena pangaroehna, tjara oepamana di Nagri Walanda waktoe-waktoe ieu paparentahan teh dibangoen djeung didjalankeun koe noe diseboet koe Walanda „clericale partijen".

Di Nagara noe somah moerba kabeh rahajat awewe lalaki noeroetkeun sakoemaha katetepan dina wet, pada boga hak milih djeung dipilih (actief en passief kiesrecht). Toeroeg-toeroeg torodjogan deuih, henteu tatalepa (getrapt kiesrecht).

Hak milih torodjogan teh (rechtstreeksch kiesrecht) njaeta milihna pikeun wakilna teu tatalepa tjara di oerang: somah milih kiesman; kiesman milih wakil di Raad kaboepaten; raad kaboepaten kakara milih keur lid Volksraad. Di Nagri Walanda mah somah milihna geusan wakil-maranehanana teh teu toenda talatah, prak koe sorangan. Rek petot rek bengo dina boektina beunang milih, geus teu madjar koemaha, da kitoe kahajangna noe djadi rahajat, kahajangna noe panglobana.

Koemaha ari di oerang. Volksraad teh naha beunang dianggap kalangkangna kahajang somahan? kahajang rahajat noe panglobana (meerderheid)?

Noeroetkeun ingetan koering asa djadjaoeheun kana sampoerna atoeran noe ajeuna, teu satengah-tengah atjan.

Lid-lid Volksraad dipilihna lain bae koe lid R. K, djeung gemeente raad, noe elidna beunang milih somah, tjenah, tapi oge koe elid-elid gewestelijke raden noe elid-elidna lain beunang milih tapi beunang ngabenoem diangkat koe pamarentah sorangan teu kalawan ngingetkeun kahajangna rahajat. Lebah dieu oge geus kiroeh, sabab oepama dipasrahkeun ka somahan, saha noe koedoe djadi gewestelijke raden, tangtoe noe ajeuna diangkatan koe pamarentah, atjan poegoeh kapilih, kapake, koe somahan.

Noeroetkeun kana loba raden geus satengah djeung satengah somah moerba, gegedena kana henteu djiga.

Lobana elid ti roepa[2] golongan geus dialas, ditetepkeun dina wet, koe rahajat „Nagri Walanda" lain beunang oerang dieu. Sorana oerang dieu mah, daek denge, henteu eutong.

Rahajat Nagara staat oerang dibagibagi, sagolonganana-sagolonganana, Walanda milih Walanda, Tiong Hoa milih Tiong Hoa, Priboemi milih Priboemi. Ieu oge geus matak kana teu djigana somah moerba. Sipat-sipat ngaran rahajat, nja koedoe ditjokot sakoemma, oelah aing-aingan. Ieu mah priboemi samasakali teu bisa tjampoer baoer kana milih Walanda, saha-sabana noe pantes didjadikeun wawakil. Nja kitoe deui sabalikna Walanda teu pipiloeeun milih priboemi. Ari matak kahartina poegoeh, ngan orokaja koe koerang adilna. Kahajang somah priboemi sama sakali teu tembong dina milihan bangsa Walanda atawa Tiong Hoa.

Hanas lobana rek dialas sakitoe Walanda, sakitoe Tiong Hoa, sakitoe Priboemi, nadjan emboeng oge ari koedoe-koedoe teuing mah nja pek bae, ngan atoeran milihna koedoe dirobah.

Atoeran noe ti heula asa leuwih beres manan noe ajeuna.

Kapan hak milih teh dibikeunna njaeta soepaja rahajat bisa miloe tjampoer. Ari ieu lain satengah djeung satengah deui; tjara djelema bae teu disirahan. Heug ari hajang-hajang teuing mah miloe tjampoer, top tah, tapi sabot bongoh leungeun noe hidji deui ngagoremoel, narik noe geus dinikeun. Kitoe kalakoeanana Pamarentah.

Oge koemaha rek bisana diseboet wakil rahajat noe aja volksraad teh, da kapan djaba ti elid-elid noe meunang milih teh aja deui noe sedjen, noe dibenoem koe Pamarentah.

Ana dibaeun mah ditoengtik, ditjoektjroek-tjoektjroek ka somah moerbaan paparentahan, di oerang teh estoe ngoehit pisan kakara rek ngabangoen.

Kajaan noe kieu tangtoe pisan koedoe obah, sing nepi ka nintjak kana koedoena. Ieu teh oedagan oerang Pasoendan, noe geus ditoengkoe dina „Beginsel program". Pamarentahan teh koedoe somah moerba.

Tangtoe pisan lain pagawean leutikleutik. Didjalankeunana koedoe koe kadaek djeung kasabaran, oelah kodjot perosot.

Lantaran bangoenna paparentahan teh tergantoeng kana pangaroehna pagoejoeban pagoejoeban poelitiek tea oerang koedoe sateka-teka ngagedeak pangaroeh oerang ka rahajat.

Noe djadi dadasarna nja di Raad kaboepaten. Katoehoerna nja koemaha tjek ti dinja Kapan lamoen di handapna pinoeh koe P. E. B. katoehoerna oge moal hoa. Keun oerang oge kapan geus boekti. Ajeuna mah enjaan oerang boga wawakil noe officieel teu tjara katoekang-toekang. Oepama oerang beuki soson[2] serta pada daek babarengan leuwih ti ajeuna kana pieungkeeunana geus teu koedoe hamham deui.

## Ngaran officieel orgaan „Pasoendan"

Dina congres „Pasoendan" kamari ieu di Tjiandjoer dioarempagkeun perkawis ngaran officieel orgaan „Pasoendan" nja eta ngemoetkeun pamoendoetna Tjabang „Pasoendan" Tjiamis. Noe mawi orgaan „Pasoendan" dingaranan „Somah Moerba" manawi noe masihan ngaran teh aja margina nja eta koe lantaran ajeuna djaman „democratie" tea, ari Soendana „somah moerba" nja eta somah moerba nagara koe boga hak milih wawakil somah pikeun ngoeroes paparentah nagara anoe teu moepakat kana eta ngaran meureun boga lantaran, nja eta ketjap moerba asa lain tempatna: tjindekna meureun njentoeg bae kana perasaan noe teu moepakat tea. Tjek djoeragan S. dina Somah Moerba „No.7" oepami kadjantenan ieu orgaan diganti ngaranna, koemaha oepami aja sapoeloeh oerang noe ngawangsoelkeun, naha ngaran orgaan bade diganti deui? Tiasa djadi ieu teh Nanging tiasa djadi oge henteu.

Lah ari tjek koering mah tjing, oelah pandjang ditjarios, ajeuna mah oerang sing enja-enja bae digawena djeung poma salaksa poma oelah poendoengan. Ngaran-ngaran bae mah oelah nepi ka dipadoekeun pandjang seueur deui noe langkoeng perloe. Tjiamis ngintoenkeun eta voorstel tangtoe maksadna mah sae. Pirakoe soegan hojong ngalelepkeun „Pasoendan" mah.

Kapoengkoer ngaran officieel orgaan „Pasoendan" teh Sora „Pasoendan" Eta roepina dina waktos masihan ngaran „Somah Moerba" emoet ka djaman ka poengkoer doegi ka „Sora Pasoendan leungit pisan noe mawi ajeuna soegan milih-milih rabi mindah-mindah rasa, mere ngaran noe leuwih ajeuna narimbang djeung djaman. Tapi booktina ajeuna aja noe boga timbangan leuwih hade ngaran ofcieel orgaan „Pasoendan" „Sora Pasoendan" deui bae Oepama koering koedoe milih „Somah Moerba," djeung „Sora Pasoendan" asa rada hese, lantaran doeanana aloes doeanana bener. „Somah Moerba" meunang narimbang kana djaman. Ari „Sora Pasoendan" meunang leuwih officieel lantaran aja ketjap Pasoendan, djadi katjiri, eta teh orgaan Pagoejoeban „Pasoendan" Eta tjenah bareto nepi ka leungitna pisan. Poeka atoeh. Soegan ajeuna mah oetama make eta ngaran leuwih aloes boh kana orgaanna boh ka pagoejoeban. Nanging ieu teh soegan.

Djisim koering teu aja pambengan oepama ngaran „Somah Moerba" diganti koe „Sora Pasoendan" sanes koe lantaran teu moepakat kana ngaran „Somah Moerba" ngan eta hojong silih ajoenkeun sareng pada batoer sareng rada langkoeng officieel saeutik.

Ngan tjing atoeh kadjabi ti marebootkeun ngaran teh sing saregoet ngintoen piongkoseunana ka Hoofdbestuur. Na bade koe saha piongkoeunana? Mangga djoeragan-djoeragan lid Bestuur Tjabang, mangga djoeragan-djoeragan lid „Pasoendan" sadaja oelah diantep. Tjing perloekeun majar oenggal sasih saeutik saeutik oge, ari ti pirang-pirang djelema mah djadi ageung. Koemaha apan noe djadi Hoofdbestuur sakitoe soson-sosonna propaganda nganggo ongkos koe andjeun, sageuj orgaan mah oerang teu tisa ngongkosan. Ketroekan sakoesoegan aja taleu tinggaleun keur majar contributie pikeun ngabantoe ka Hoofdbestuur! Moal bisa hiroe pagoejoeban oepama noe djadi lidna ngantep. Hajoh mangga tingalikeun katjintaan oerang sadaja ka Pagoejoeban oerang pikeun ngoeroes kaperloean oerang.

A. a.

## Koropak.

Djrg. S. M. Bandjarmasin, manawi parantos teu riboet teuing koe damel mah. Tjing oelah lami teuing ngasona.

Tjabang Pasoendan Soerabaja. Genning bet djempe-djempe bae djoeragan-djoeragan. Asa teu kinten sonona. Mangga diantos.

Djrg.[2] di Koeningan. Hoofdbestuur kersaeun soemping, asal diseratan bae. Tjing mangga djrg. „Eme" kokolotan.

Djrg. A. S. Indramajoe. Leres ari rewel tea mah, namoeng koemaha, kadjoeroeng koe waktoe. Moal sae tiis-tiis djahe bae. Iraha diadegkeunana tjabang teh?

Djrg. Odang. Koehoen bade ngin toenan bijdrage. Enggal diantos. Nja selang-selang tina damel bae manawi.

Djrg. Poerwokerto. Pleng les deui bae. Teeang poetra sonoeun.

Djrg. Dj. sareng S. Soemedang Genning?

Iraha ajana deui tjabang. Seratan H. B.

Djrg.[2] di Serang. Insja Allah. H. B. soemping enggal wartosan bae. Tong sesah kapan djrg. Ismail.

Djrg. M. M. Bandoeng. Hatoer noehoen. Djalaran seueur seueur noe djadi margi, emoetan teu sae oepami dilebetkeun. Diantos pisan noe sanes.

## Padjeg anjar

Lantaran herdines rek dileungitkeun noeroetkeun timtanganana pagoejoeban Prijaji (P. B. = Prijaji Bond.) kawas ninggang mangsana oepama ngajakeun padjeg anjar.

Koe sabab eta tjeuk bedja djr. Poerwanagara, wakil Karangnoenggal njanggakeun voorstel ka Kdj. Dalem (maksoedna: voorzitter R. K.). soepaja Raad Kaboepaten ngajakeun padjeg anjar keur gadjih Loerah djeung pamarentah desa noe sedjen, djeung soepaja aja atoeran sangkan bisa ngangkat djeung ngalepas eta pagawe-pagawe. Ieu voorstel teh geus dirempoegan koe Loerah-Loerah sabawahan Karangnoenggal.

Sabab-sababna noe matak njanggakeun eta voorstel;

1. Saperti noe geus disaboetkeun di loehoer herdines rek leungit djadi oepama aja padjeg anjar, koe rahajat moal sakoemaha karasa beuratna.

2. Noe geus kadjadian djelema-djelema majar herdines teh rata-rata saoerangna f3,25. keur pamarentah desa f6.75, djoemblahna koerang leuwih f10 Ari ajeuna keur pamarentah desa katimbang tjoekoep oepama saoerangna majar f5 djadi leuwih enteng oepama ngingetkeun alam katoekang nja eta saoerangna f6,75,- komo oepama dibandingkeun djeung keur majar herdines. Koe noe moorstel diidjir pibahroetenganana kieu keur 20 Loerah noe gadjihna ti f50 nepi ka f75 (make 5 kali tambah gadjih a f5 dina saban-saban 3 taoen (pidoeiteunana saban boelan ± 20× f60 . . . f1200.

Keur 20 djoeroetoelis noe gadjihna ti f15 nepi ka f25 (make 5 kali tambah gadjih a f2 saban 3 taoen) pidoeiteunana saban boelan ± 20× f19 . . . . . f380, keur 100 poendoeh noe gadjihna ti f10 nepi ka f15 (make 5 kali tambah gadjih a f1 saban-saban 3 taoen) pidoeiteunana saban boelan ± 100× f12 . . . . . . f1200, keur 35 poelisi djeung oeloe-oeloe desa noe gadjihna ti f7,50 nepi ka f10 (make 5 kali tambah gadjih a f0,50 saban-saban 3 taoen) pidoeiteunana saban boelan ± 35+ f9 . . . . . . . . f315

Djoemblah pidoeiteunana saban boelan ± f3095 Dina sataoen koerang 12×12095= f37140.

Oepama aja 800 djelema herdines, pinampaeun doeit dina sataoen 800× f5=f4000. Katimbang tjoekoep naker.

2. Geus galib pisan Loerah djeung pamarentah desa noe sedjen narik doeit atawa barang djeug tanaga pikeun kaoentoenganana. maranehana maranehanana sok arereeun teu bisa ngeresan, nepi ka tara katempa kaoentoenganana sakoemaha noe geus ditetepkeun, oepama kaoentoengana tea geus diasoepkeun kana padjeg Raad Kaboepaten, tangtoe beda deui kaajanana.

4. Kitoe deui dina perkara noe sedjen-sedjen oge koerang kentjeng, sabab djelema-djelema njararabo Loerah djeung ponggawa desa noe sedjen diangkatna djeung dibere kaoentoenganana koe maranehana.

5. Malah geus biasa noe dipilih kana Loerah djeung ponggawa noe sedjen teh, djelema-djelema noe sakira bakal eleh koe somah.

Ieu oeroesa-oeroesan noe katimbang koerang hade, perloe pisan dirobah, oelah nepi ka aja oeroesan-oeroesan noe tergantoeng tina kahajangna djelema djelema, sabab kaberesan di djero desa, eta djadi dadasarna kaberesan Kaboepaten. Komo deui oepama ditimbang djelema-djelema majarna djadi senang djeung djadi laloeasa pikeun njiar kahiroepanana henteu digembreng koe roepa-roepa hirasan pikeun kaoentoengan Loerah djeung ponggawa.

## Irrigatie djeung somahan.

Dina Sipatahoenan taoen toekang, aja karangan hal njaian tanah di kidoeleun Bandjar, beunang njoetat tina soerat kabar De Locomotief.

Ajeuna koe Coll. Gedeputeerden dina tanggal 30 December 1926, sabot ngadagoan poetoesanana Raad Provincie, geus ditetepkeun pikeun ngadjalankeun eta pagawean bagian I geusan ngomean hal kaajaan tjai ti Tjipoetra hadji di kaboepaten Tasikmalaja. Piongkoseunana f 51,500 (Besloeit No. 036/33/13).

Tjeuk noe oeninga, tanah noe bakal katjaian koe Tjipoetrahadji kirakira aja 3000 baoe (pasawahan djeung daratan).

Noehoen noe aja. Moega-moega ra rahajat Bandjar woewoeh rahardja, sing nepi ka bisa njimbeuh-njimbeuh ka kadang koelawargana noe masih aja dina rantja kamalaratan.

Rahajat noe hade pakena. boengkiang beuteungna, eusian oeteukna, tjageur badanna djeung djedjeg tjara djelema dianggapna koe kantjana pada machloek, moal hampang dibawakana djalan poengkal pengkol.

„Pamarentah noe bisa nohonan ka dinja, kawas teu koedoe sieun koe koeminis. Recept-recept made in Kali Besar, kaloearan fabriek Wijnrands moal aja mangpaatna. Noe kitoe mah beunang diseboet „lamak beureum keur sapi mah" manan moendoer anggoer edan. Poegoeh poeas meureun hate bateer, oepama nangtoengkeun lima poeloeh panggantoengan di tanah lapang Gambir sakoemaha kapalaj N. V.d. D. tapi meureun laoen-laoen matak bosen. Koemaha bae tjeuk sadjarah. Di nagara Walanda, di Tiong-Kok. di . . . . oerang nja kitoe keneh.

Geura bae: I. P. loeloegoena dipltjeun, keur sangkaan tadi asa moal aja pigantieunana. Tapi naha geuning torodjol S. I. Leuwih matak riboet. Sing emoet kana kadjadian di Koedoes. Ti dinja disamboeng koe S. I. afd. B. Les ieu djol . . . . . . roepa roepa bom. Anggoer beuki teu poegoeh. Ajeuna djol deui . . . . , . . . Novemberdagen bangsa kaom Kominis. Tara aja kakerasan diawan koe lembek. Bisa djadi saheulaanan, keur sawatara waktoe, tapi ahirna koedoe datang panaoer.

Oepama N. v.d. D. teu nampa pamajar ajeuna, di ahir mah kawas moal loepoet. Komo oepama inget kana basa „Hoekoemoelloh".

Noe matak nadjan awong-awongan mere roepa-roepa voorstel ka pamarentah, kawas moal didenge. Tjai tjaah teu bisa dihalangan koe bendoengan. Anggoer mah bere djalan soepaja oelah ngaroeksak pasawahan djeung kebon-kebon kana bakalna disoesoek koe pamarentah ajeuna kawas gede pangharepan.

Kaleresan woengkoel moal aja goenana.

Bere tjai, bere tanah, bere sakola, bere roemah sakit. Padjeg oelah beurat teuing.

Panggantoengan palidkeun ka Tjiliwoeng, keun soegan njangsang di kali Besar, bisi boetoeheun keur tjotjotjooan.

Hina.

## Kaoentoengan pamarentah desa.

Di Raad kaboepaten Garoet ieu perkara geus dibadamikeun, malah noe

maraos Sipatahoenan, tangtos parantos maraos **minderheidsnota** Djrg. Mob. Enoh hal ieu. R. K. Garoet kalawan parantaranana Coll. Gedeputeerden geus njanggakeun motie ka pamarentah, naroskeun naha Raad kaboepaten boga kakawasaan pikeun netepkeun kahasilanana (maximum) pamarentah desa atawa henteu.

Ieu motie teu koengsi diteraskeun koe Coll. Gedeputeerden, lantaran, tjenah, bisa didjawab koe Coll. noe geus diwadjibkeun nalingakeun sagala roepa noe aja di wewengkonna.

Noeroetkeun art. 3 tina Inl. Gemeenteordonnantie, noe kabeh-dieunanakeun geus diobah, Boepati noe ngoeroes kahasilanana pamarentah desa teh, lamoen katimbang bisa djeung katimbang kaperloeanana pikeun rahajat **kalawan ngingetkeun sagala roepa roepa atoeran hal ieu noe geus ditetepkeun koe Raad kaboepaten** djeung **kalawan badami heula djeung rahajat.**

Ana kitoe, atoeh tangtoe Raad kaboepaten boga kakawasaan pikeun netepkeun kahasilanana noe djadi pamarentah desa, asal sakabeh atoeran atoeran kaboepaten oelah ngaliwatan wates kaadilan; nepi ka beunang dianggap pahentar djeung kaperloean sarerea (oemoem).

Mana manana wates wates kaadilan, anoe ngoeroes kakawasaan raad kaboepaten hal ieu teu bisa ditetelakeun.

Oenggal atoeran kaboepaten hal ieu, koe Coll. Gedeputeerden rek ditimbang timbang noeroetkeun kana pamentana kaperloean rahajat . . . . .

Kitoe djawabanana Coll. Gedeputeerden kana motie raad kaboepaten Garoet, noeroetkeun soerat Kdj. T. Goepernoer tanggal 20 Januari 1927. No. Gr. 41/1/4.

## Miradj. K. N.

### Mochammad s. a. w.

Koe sabab oerang teh oerang Soenda, perloe pisan njroerahan kalimah-kalimah atawa ketjap-ketjap anoe djadi pikiraneun oerang, sangkan tatas ngartina, koemaha noe djadi sindirna ketjap-ketjap anoe aja dina boekoeboekoe djeung salianna. Dina ieu Sipatahoenan oge, rea pisan masä'lah-masä'lah anoe tatjan diboekakeun sanjata-njatana. Ari lebah koering mah sok sieun kaseboet pipineteranan, mending-mending moen bener negoehna, ngan tiap hajang woengkoel, ari prakna inggis.

Ajeuna djol deui pikir hajang nambahan ketjap-ketjap manahaneun; tina hajangna etjes, kaleresan ajeuna sasih Radjab minangka Miradjna K. N. anoe kaping 27 tea.

Sok hajang terang pisoendaeunana anoe sadjatina, naon djeung koemaha noe matak kitoe. Naros naros atawa ngahoesoekeun ka noe sedjen teu atjan, ngan ngingetkeun jen Sipatahoenan teh koedoe sing serwa Soenda; ketjap-ketjap basa Walanda atawa Arab oelah tinggal Soendana. Mangga dina basa sedjen atawa dina Soenda oge, tjara dina karangan djrg. Panghoeloe Bandoeng pangsioen, Soenda tapi tatjan sadjatina, rada aja oge remeng-remeng nieuneusan dina Hadis Miradj tea tjitakan ka I. Tatjan pati bablas, ngandoeng si in. Aboeng-aboeng Hadis Miradj teh beunang boedjangga, disoendakeunana deui koe boedjangga Soenda make Soenda anoe pikiraneun deui; geus poegoeh siibna noe hakoe noe hese kana dikeplakkeunana, naha asa dirasiahkeun teuing, tjik atoeh anoe arahli kitab, noe laloehoeng, da ajeuna mah soegan mangsana anoe moenel-moenel teh boekakeun ! ! tjik djoeragan-djoeragan mangga ! ! Masaälah-Masaä ah anoe tatjan aja noe nerangkeun, engke koe koering disebatan deui, njaeta soepaja aja noe ngetjeskeun katerangananana, da bogan, pirakoe diantara anoe maraos teu aja noe gentoer mah bangsaning roeparoepa masalah tea.

Ajeuna eta bae kalimah : Farang sadia (geus ngadjengkang nangkarak), wak dibeulah dadana tengah-tengah dibidjilkeun pangeusina. Der dikoembah koe tjidjamdjam, disinekan koe parabot ti sawarega, bokor emas ditjangking koe Isropil noe njodoran pangeusina ka Djabrail (katja 7 8)

Tah, dibeulah dadana tengah-tengah teh, koemaha Soenda anoe sadjatina? bokor emas teh, naon?

Toetoengangan K. N. diseboet : boerak.

Naha naon boerak teh, sanjatana? koe katerangan.

Djangkoengna taradje emas? nepi ka langit ka I oge, geus katepoes koedoe kalakon 500 taoen, mangkaning toedjoeh bambal . . . . (katja 13).

Naha eta teh 500 taoen? Koemaha moen sataoen bae, atawa 10 taoen bae? Mana katerangan na 22.

Deui Djabrail teuteuleuman, ana bidjil biasa gigibrig, ngagibrigkeun tjai di saboeloe-boeloe, ana moerag djadi manoek roepa boeloe hedjo samparani.

Tjek Malaikat Djabrail : Tah boektina oenggal tetes tjai, nja djadi Malaikat hidji (katja 19).

Naon tea : manoek roepa boeloe samparani? Geuning deui oenggal tetes tjai djadi Malaikat?

**Koemaha deui saterang-terangna?**

Panoehoen anoe pangpangna, kantenan ka djrg : Wangsaatmadja sabab nja andjeunna lir djadi oetoesan djrg. Panghoeloe teh, geus moal sak deui tabahna. Moega kersa moekakeun anoe sakitoe, galib heningna anoe disoehoonkeun tetesan, oelah kirang pangaksami ka noe bingoeng koe karep na eta silib, pinoehoenkeunana mah tampa wargenan.

Pangpangna, tjek koering teh, tang toe pisan djrg-djrg noe sanes oge diantosan katerangananana, nanging pangapoenten mah teu kirang². . . . .

Ajeuna masalah-masalah anoe tatjan jakin panedjawaban dina Sip. No. 6 taoen 1926. anoe ditoedjoelkeun ka djrg : Hardjo noe ti Bandoeng tea. Banget ieu hajang terang deui anoe sadjatina. Koe kitoe tea mah, ngendagngendag poelceneeun sadajana, keur soendana oerang Soenda goena oemoem keur noe naretepan katjintaanana ka Sp.

1. Adam = Athama, naon soendana? Koemaha sipatna? Dimana ajana? Koemaha sadjarahna?

2 Hawa; naon noe diseboet hawa teh, naha hawa napsoe? Atawa hawa noe aja disaboedeur oerang, noe sok dipake ngeusian kareta mesin?

3. Kosong = soewoeng. noe koemaha noe diseboet soewoeng? naha dina lolowong antara djelema sareng djelema, antara imah sareng imah; dina liang ali, kenging diseboet soewoeng? Tempat-tempat noe eusina ngan hawa woengkoel, sapertos dina ban kareta mesin, kenging diseboet soewoeng?

4. Koemaha hiroepna orok waktoe dibobotkeun, parantos dibarengan koe hawa atanapi henteu?

5. Wajang hiroepna dina kelir, manoesa kokodjajan dina sagara; sagaraning manoesa teh hawa atanapi soewoeng?

6. Naon boeah koldi teh? Naon eusina toeang boeah koldi?

Kahajang teh djrg. Panghoeloe Bd. pangsioen njaangan. Poa ieu oge ti andjeunna.

Tadimna

**W. S.**

N. B. Oelah datangka aja soealsoeal anoe direstankeun, padahal mangpaatna teu woedoe bae, estoe perloe, oerang Soenda wadjib madjoe, soerti, bisa nimbang-nimbang make pamilih djalan kasebat aloes. Ngoedag boedi lantip keur masing masing kasalametanana. Poegoeh oge koering ngan njaring koe haríring, tiba angkoh woengkoel, toena kabisa, tiba ngarasa-rasa. Ka djrg. Redacteur oelah kirang tawakoepna, reh eta masälah, perloe dibersihkeun, bawi raos tatjan tibra oepami tatjan aja noe njampoernakeun.

**W. S.**

Sip. No. 30

## „Adres djoeragan Mochamad Ambri"

Dina sembara prang pring noe kenging prijs ka I nja andjeunna, djoeragan Moch. Ambri, anoe kenging teh, koemargi eta taja sanes pang hormat koering moeng poedji noehoen tina tjotjogna panegoeh ti andjeunna:

Sadjabi ti ieu, dj'sim koering bade nerangkeun deui hal Agama noe kapendak tina katrangan karoehoen anoe ditoelis koe aksara Arab basa Djawa. Ari hartina Agama teh kieu, (tjenah di seboet kirata, masa bodo) „Agama Agemi Angatiati = △ = alip 3, ieu anoe tiloe henteu tiasa pisah. Oepami eta gambar djoeroe tiloe di tingal tengah-tengah, kantenan woedjoed toenggal, oepami ditingali djoeroena kantenan woedjoeb 3.

Tjeuk koering Agama Agemi Angatiati hartosna Agama = Ageman sa mangsa oerang boga Ageman koedoe gemi djeung koedoe Ati-ati, Naon anoe koedoe Ati-ati? Ari anoe koedoe Ati-ati teh nja eta Ageman, sanggeus ngagem koedoe gemi nja koedoe Ati ati, Naon noe koedoe Ati ati? Nja Ageman, Toeh geuning boeluk balik djoeragan!

Ari hartina Ageman diperang 3 roepi, noe ka hidji ngagem hal widji atawa bibit satekad sakarep, saadat indoeng sareng bapa nja bener djoeragan Panghoeloe pansioen Bandoeng njebat Agama asal tina Akama, tjotjog sareng pikiran koering, tjenah teu tjotjog sareng pikiran djoeragan kadjeun,

Ka II Ageman lahir njaeta kajaning, njekel pagawean, djeneng dagang, tani djeung sadjaba ti eta oge koedoe di ugem koedoe gemi koedoe ati ati, lamoen tinggal ti 3 roepi naon kadjadianana.

Ka III ngagem teh ngagem pikir ran anoe di paraban tina djalan Pangoetjap, Pangamboeng, Pangroengoe Paningal, tah noe sakitoe koedoe di rasakeun bener-bener.

Geuing tjeuk paradji, mata oelah sadeuleu-deuleuna ari lain deuleuenana, tjeuli oelah sadenge dengena ari lain dengeeunana, soengoet oelah saomong-omongna lain omongeunana, djeung iroeng oelah saambeu-ambeuna ari lain ambeueunana. Tah djoeragan oepami ieu Ageman tinggal ti gemi djeung Ati-ati naon kadjadiannana teu kedah disebat koe simkoering djoeragan langkoeng tingali.

Tjeuk djoeragan ieu katrangan simkoering sami bae sareng dongeng Bosetek.

Nja bener bae djoeragan Asal Bosetek balik deui Bosetek emoetan koering mah.

Lahiran djoeragan noe saenja-enjana hartina Agama teh pitoetoer. Edas djoeragan, di dieu ngagoegoeloeng, ka oeninga andjeun bae ngejeclkeun kana pangartos anoe sanes, tjik terangkeun : Naon ari hartina pitoetoer? Papatah pangadjaran? Noe sadjati djatina sabab eta pitoetoer ngandoeng 2 maksoed aja papatah hade sareng aja papatah goreng! Di dieu mah tjeuk koering tatjan doenoeng, djeung moestail aja Agama ngandoeng kana pitoetoer goreng? Deui djoeragan. oepami mitoetoer ka boedak kana kahadean. naha tangtoe eta boedak hadena taja anoe goreng? Lamoen djadi goreng naon margina? Aja djoeragan tangtos mendakan seperti, djalma latjoer, djenah maling, ngadoe, nipoe maehan djeung sadjaba ti ieu, naon sababna noe matak kitoe? Tah di pasantren dilarang, koe indoeng bapa oge ditjegah, dipapatahan kana hade, dipapatahan kitoe, di sakola sakola oge pon kitoe, koe Kangdjeng Goepernemen oge dilarang lakoe kitoe teh, tapi teu boereung loba noe ngalakonan tjing naon sababna? Tjing naon pitoetoer teh?

Da ari hartina gam gim gom sanadjan lain kirata, koering teu terang! Tjing koering neda kamandang ka djoeragan Goeroe-Goeroe geura mitoetoer geura miwedjang, boedak pireu sina matja A, B. C. D. sing njata, boedak lolong sina ngagambar, boedak torek katjida sina bisa tembang, boedak salesma sing bisa ngabedakeun baoe djeung seungit. Kawaskawas tjeuk koering mah moal bisa! Timana asalna basa Soenda oerang soenda anoe toelen?

Dina Babad diseboet djaman Kangdjeng Nabi Isa djoemeneng, di Poelo Djawa tjan aja djalmaan, mimiti noe ngasaan linggih di Tanah Djawa para Dewa nja Batara Goeroe djeung sapara poetrana, lantaran kawon djadjaten koe Kangdjeng Nabi Isa, sapoepoesna Nabi Isa Batara Goeroe moelih deui ka goenoeng Tenggoeroe di Hindoestan tjenah, Luuos hidji Pandita Nasarani tjeuk Babad Djawa diseboet seh Soebakir tjeuk oerang Asia ketjil seh Oesman Adjid di dawoehan koe Soeltan Roem, koedoe ka Poelo Djawa mawa riboe-riboe djalma ti Eroem djeung ti Hindoe ngabibitan soepaja aja djalmaan, nja angkat ka noesa Kendeng (Poelo Djawa), tapi geus njampak aja Izak atawa hadji Saka tjeuk oerang Djawa Wisaka aja oge noe njeboet Isaka, horeng moeridna teh Oesman Azid, oge Hadji Saka goegoeroe ka seh Oesman Azid teh meureun kaseboet Agama Boeda, moetoeskeun goegoeroe ka Kangdjeng Nabi kita Kangdjeng Nabi Moechamad rasoelloellah, nja Agama Islam didieu di seboet Isaka teh bibit ngadjar Agama.

Noe mana noe diadjarkeun teh? Djeung dina taoen 18 Masehi Batara Goeroe djadi Ratoe di Medangkamoelan ka I bedjana tanah Bogor, ngalih ka Goenoeng Lawoe nja diseboet Medangkamoelan ka II sanggeusna Batara Goeroe moelih ka Hindoe digentos koe poetra-poetrana, Batara Sambo djadi ratoe di Goenoeng Radjabasa Batara Brama (Sangiang Soenda) djadi radja di Anjer Banten, Batara Wisnoe di Goenoeng Slamet (Tegal), Batara Indra djadi radja di Goenoeng Semeroe sareng Batara Bajoe di Goenoeng Karang Bali djadi radjana teh.

Ningal deui dina ngadegna karadjaan madjapait tjampoeh saroemping para Wali ti Arab, tangtoe ngadjarkeun Agama Islam, basana tangtoe make basa djawa djeung Arab, da lamoen teu kitoe moal djalan, ajeuna ngadoenoengan ka Bangsa Walanda make basa Walanda, toeroeg-toeroeg dina laki rabi oge patjorok, djadi pantes bae basa teh patjampoer, tjing mana basa Soenda toelen? Tjing mana oerang Soenda toelen? Tjeuk koering mah ngakoe Soenda toelen soteh ngan koe tekad, geuning noe djadi ratoe Padjadjaran Madjapait teh poetra Pandji **Koedalalean** poetra Radja Djenggala Kediri.

**H. Proewito.**

N. B. — Diseboet dina babad.

Batara Sambo djadi radja sagala Manoek.

Batara Indra djadi radja Dewa-dewa djeung Resi-resi.

Batara Wisnoe Soeman ngaradjaan sato sato tjai.

Batara Bajoe ngaradjaan sato sato darat.

Ari Batara Brama ngaradjaan sakabeh Manoesa bisa djadi saindia wetan, pantes nja basa Poelo poelo Soenda noe galede djeung poelo poelo Soenda noe laleutik, nilik katrangan koering di loehoer bingoeng njoetjroek basa Soenda toelen oerang Soenda toelen, tjeuk dina hadis Koedsi, Qoel innama anna basaroen adamioen misloekoem, dawoeh Allah taala. He bani Adam! nabi wali moe'min saroea bae.

Lahiran djoeragan beda poepochoenanana.

Ari pitoetoer anoe moelija ti karoehoen.

Ari Qoeran mah ti Allah, tjik mangga galih! Ari karoehoen oerang teh lain sanak poetoe Adam. Ari Adam pang aja teh koesaha? Lahiran djoeragan Qoeran ti Allah, mangga atoeh batja di handap tina „Sisin" Waama boerhana woedjoedihi toelan hoedoesoel Allam, atawa tandaning Allah ikoe Anjaring Alam, pirakoe beda.


Sedia tjoekoep lot-loterij boeat kirim rembours pada antero tempat di Hindia-Olanda.

**LOTERIJ OEWANG BESAR**

Protestantsche Weeshuis, Semarang

Hoofdprijs f 150 000 —

Tarikanja paling laat 1 Juni 1927

**11.-** tambah Porto 0.35 Rembours 0.75

Trekkingslijst dikirim gratis. Lekas pesen, nanti kehabisan atau harga naek.

**Lampoe Electris nikel merk „WINCHESTER"**

kloewaran dari fabriek snapan jang terkenal.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| No. 1. | pandjang | 14 cM. | compleet | f 3.75 |
| „ 2. | „ | 16½ | „ „ | „ 7.— |
| „ 4. | „ | 22½ | „ „ | „ 8.— |
| „ 5. | „ | 19 | „ „ | „ 8.75 |
| „ 6. | „ | 25 | „ kena di stel | |

boeat djaoe dan deket, menerken sampe 600 kaki. Ini model kita djoewal paling banjak **10.—**

Reserve batterij ketjil à f 0,35 besar à f 0,40

„ peer à f 0,45 per bidji.

**ANG SIOE TJING**

Slompretttan 4, Soerabaia

Mintalah prijscourat dari kaartjis kaartjis nama jang kompleet.


## Perdjalanan Toean Besar di Soematra.

Toean Besar di Soematra koelon ka pabrik semen batoe di Indaroeng, Toelooj ka Ambilin. Djalanna ka tandjakan Soebang datang ka Loeboek Selasik der moesik. Teroes ka Talang, kampoeng kampoeng dialoes aloes. Toean Besar oenggeuk ka sakoer noe marapagkaun.

Di Assistent-Resident Solok ngarioeng kapala adat.

Ti dinja teroes ka Moeara Klaban sarta teroes ka Sawah Loento.

Barang Toean Besar soemping ka stasion Moeara Kelaban toelooj naroskeun ka Resident mana djalma djalma noe miloe ngabasmi ngaraman. Resident ngadjawab. Tidinja adjidan G. G. ngatjoengkeun padangna minangka mere hormat ti G. G. ka opziener Wartena. Tidinja G. G. mere tabe ka poelisi Opziener. Ti peuting Toean Besar ngider kota noe ngahadja meunang njaangan. Di roemah bola Sawah Loento aja moesik djeung dangsa.

Ti Sawah Loento teroes ka Fort van der Capellen.

Di Fort van der Capellen ratoes ratoes kapala adat ngarioeng. Sanadjan hoedjan Toean Besar angkat bae njaketan kapala adat bari njoeplak toedoeng. Toelooj njarios sareng Soetan lid Volksraad, wakil Demang Fort van der Capellen. Ti dieu toean Haze Winkelman Assistent-Resident Padang Pandjang ngiring G.G.

Di Padang Pandjang roa pisan noe nembongkeun kaboengahanana (belangstelling) daratang kapala adat djeung pamadjikanana leumpang ngaliwat ka pajoenoun G. G. Awewe marake papakean Minangkabou. Ti dinja G. G. mere tabe ka Sersan Lazarous djeung ka doea militer noe ngabantoean Leknan Simons noe maot kabedil koe koeminis, keur lenglang Toean Besar soemping ka Fort de Kock. Mariem tanda ngahormat tingdjalegoer mani asa kaindit. Kapala adat, noe djaga ngahormat djeung noe narembang koempoel di imah Assistent-Resident.

Tanggal 3 Februari di Fort de Kock ngajakeun bestuursconferentie. Noe saroemping. Resident, Assistent Resident, Kontrolir, Ambtenaar B. B. kapala adat, kapala district, kapala somah (Volkshoofden). T. Ramer Ramner T. Hamerster, van Ginkel, T. Zentgraaff djeung Ritman Journalist meunang ngaloeoehan eta Conferentie.

Tabooh 9 koempoelan koe T. Besar diboeka, Mantenna katjida ngahargaanana kana djasana Bestuur Walandjeung Priboemi dibantoe koe poelisi djeung balad dina noempes ngaraman. Mantenna henteu soemping bade marios ieu perkara, ngan manteuna hojong oeninga koemaha gedena ieu perkara sareng ka doea hojong barempag koemaha akalna soepaja noe kitoe ka hareup oelah kadjadian deui.

Toean Besar soempingna teu bade masihan atoeran paparentahan ngan pamoendoetna nja eta : „noe geus kadjadian oelah kadjadian deui." Ieu nagara koedoe dibersihan tina sagala roepa noe sok ngahasoet noe ngaroeksak kaamanan. Reana noe kitoe teh teu sabaraha.

Aja noe njeboet, jen somahan Minangkabau aja noe maksa (geterroriseerd) pikeun ngaraman, tapi saoer Mantenna pamfohalan, sabab oerang Minangkabau mah bogapikiran merdika tegoeh. Djeung deui koe koe lantaran di dieu tjaroekoep djadi moal gampang kabawa koe pangadjak noe lain lain. Djeungna deui agama teh katjida bertentanganana djeung elmoe koeminis.

Mangkaning oerang Minangkabau teh ahli resep kana agama Islam.

Z. E. G. G. moendoet katerangan ka noe araja naon sabab sababna nepi ka aja ngaraman.

Resident hatoer noehoen sarta demang demang soepados ngaloearkeun timbanganana. Timbanganana nja eta koelantaran adat Minangkabau teu pati dipake.

Pangna panghoeloe koe Goeperemen koedoe di kaloehoerkeun. Kapala laras koedoe aja deui.

Toean Besar njarios perkara bestuur district moal bisa dileungitkeun. Rek ditimbang-timbang oepama kapala laras diajakeun deui.

Toean Besar naros perkara nagri ordonantie. Meh sakabeh ngadjawab katjida handjakalna panghoeloe dibedabeda. Benerna mah sakabeh bae djadi lid Raad negari.

Disoehoenkeun soepaja gadjih kapala negari ditambahan diajaan ambtenaar woengkoel pikeun narik padjeg soepaja kapala nagara henteu koedoe tjitjing dina medja toelis bae.

Toean Besar bade ngabantoe ngahadean kapangkatan negari hoofd sareng njarios jen oerang Minangka-

baw moal hiroep make doeit padjeg somahan noe sedjen.

Toean Besar naros bisi padjeg beurat teuing djeung bese narima. Djawabna teu aja noe kelak perkara beuratna padjeg. kadjaba padjeg harta benda imah marga, (sadoeloer doeloer) padjeg motong dina saraneun noeroetkeun adat djeung opcenten padjeg pangasilan tina pangasilan permili.

Toean Besar koemaha timbanganana koe lantaran ajeuna meh euweuh pisan laranganana dina ngadjar agama

Kapala-kapala somah njoehoenkeun soepaja di sakola beunang diadjarkeun pangadjaran noeroetkeun adat djeung ngadjarkeun agama koe goeroe ngadji noe meunang idin ti nagari djeung Goepernemen. Timbangan noe rea koedoe pangoeloe noe netepkeun saha noe ngadjar agama, djeung koedoe rada dikoerangan kamerdikaanana goeroe agama. Saoerang njoehoenkeun soepaja mimitina di sakola loehoer toeloej sakola handap. Ti dinja ladjeng Z. E. G. G. naros ka Bestuur Walanda kapala-kapala Priboemi oge araja bae di dinja. Resident njebat teu aja ari lepatna dina atoeran bistir district sareng ordonantie negari mah, moeng aja lepatna teh dina ngadjalankeunana. Audjeunna moepakat oepama opcenten padjeg pangasilan permili ditjaboet.

F. Hamerster njaritakeun kaaloesanana bestuur laras. Menta soepaja ditimbang timbangna bisa keneh oepama diajakeun deui bestuur laras. Doea dangang oeroet kapala laras ajeboet moal aja aloesna oepama diajakeun deui bestuur laras.

Hidji demang moepakat kana aja deui atoeran bestuur laras.

Toean Besar njarios dina pinoetoepan jen pamoendoetna Pamarentah soepaja ngarsman oelah kadjadian deui. Goeperemen boga tanaga noe santosa pikeun ngadjaga kakertaan nagara. Tatapi moal bisa aja kakertaan noe hade oepama somah henteu miloe ngajaknun eta kakertaan.

Bestuur soepaja njarita ka somah jen lain Goeperemen tatapi babakoena somahan noe karoeroegian koe actiena kaom koeminis. Moendoet soepaja diterangkeun, jen koeminis teh rek njilakakeun rahajat.

Pamarentah mbal. toeloej moetoes naon noe ditjaritakeunn tadi. tatapi bakal ditimbang timbang. Moal lila deui Pamarentah ngoetoes ambtenaar Priboemi pikeun mariksa perkara perkara noe berhoeboeng djeung bestuur, padjeg djeung agama.

Ieu ambtenaar bakal njanggakeun laporanana ka Resident sarta koe Pamarentah rek diadji enja enja.

Oepama somah ngabantoe, Pamarentah rek ngadjalankeun satekah polah soepaja kaajaan hade deui saperti ka toekang toekang.

Ti dinja conferentie ditoetoep. Rea noe ngadago-di loear. Waktoe Toean Besar djengkar aja oeroesan pangoeloe. Datoek Besar Kota Gedang sareng pangoeloe kadoea biantara pajoeneun G. G. Toean Besar mere salamet ka Minangkabau. Djelema-djelema soerak rame.

Ti dinja T. Besar ningalian tontonan karadjinan.

(Vrij naar Spec Corr. Locomotief).

### Kaboetoeh somah.

Sateu atjanna sareng saparantosna dimoeat karangan sim koering ragana Sp. hatoer noehoen ka Djoeragan Redacteur. Rehna sim koering parantos moeat karangan kana Sp. tg. 5/10-'26 No. 14, anoe diloeboerna, „Panoehoena oerang kampoeng." naoeng doegi ka ajeuna teu aja kabar naon-naon sedeng sasih December 1926 di ond. Pegaden djalmi djalmi parantos taroeroen njamboet, tapi handjakal seueur pisan halanganana koe teu ajana tjai, da lapoer oepami teu ditoeloengan koe Irrigatie ti langit mah teu tjaian, oge kapoengkoer sim koering parantos nerangkeun di mana taroeroen njamboet djalmi-djalmi kedah bae pakeras-keras oerat beuheung (pases) boektina dina dinten Saptoe ping 6 Januari '27 si Oe neang tjai di solokan sawah teras ka giraug, teu lami djol si S. saita si S. ngambek bari ngomong: „Koelit benteung sia sabaraha dim kandelna, pirakoe Revolver aing teu teurak ka sia tek ...!!

Sim koering pohara watirna koema ka oepami kadjadian, pisakoemabaeuo goejoerna di desa lantaran mareboet keun tjai, djadi kenging di sabatkeun oemoer oesoem njawah mah sanes tatalang raga. tapi ... tatalang sawah?

Moedah-moedahan Pangagoeng miwelas ngaboelkeun kahajang abdina anoe kasangsara nja eta nanggoel tjai ti Tjibinong (Tjigadoeng) da ari tjai ti Irrigatie mah poegoeh teu tjekap boro-boro ka desa Pegaden, ka desa Tjidadap. Blingbling sareng soemoergintoeng oge teu tjekap.

Oge moegi-moegi Toean Opz'ci ter Irrigatie kersa miwarangan ka Mantri-Mantri (Oemboel-Oemboel) ngoeroes nimbang nalingakeun ka abdi-abdina anoe alit oelah ngandelkeun teuing hoedjan ti langit, moegi di pintoe panggirangna (Tjoeroeg Agoeng) di timbang sabaraha reboe baoe anoe ditjain di ond. Kalidjati sareng Poerwadadi, sabaraha reboe baoe noe ditjaian di od. Pegaden sareng Pamanoekan, oelah dipilih kasihkeun ngabagi tjai teh da oerang Kalidjati milikna (somah) kagoengan K. Gouvernement, Pegaden Pamanoekan aja kagoengan K. Gouvernement.

Somah Pegaden sering pisan kedoe matjoel teu kaoer balas disamper ka girang koe kapala desa, sapoe doea poe ka girang, ari tjai augger keneh bae, sawah tonggoj nela (garing): la binih mah ngolotan, sedeng ari binih awon oepami langkoeng ti 60 dinten tjan ditjaboet.

Oepami Pangagoeng teu enggal-enggal marios somahna ond Pegaden, seueur soesahna.

Langganan No. 684. S. T. M.

### „Gantjang ari pintjang kendor ari ngagemboi".

DANGDANGGOELA.

1. Marek medek sinelir wawakil,
Pangabakti tjiptaning loemenggang,
Kalang pawenang goemeleng,
Soegri rewang goomoeloeng,
Apsah manah toetas patitis,
Toetas teras toemeras,
Moeloes loeloes bangloes,
Miasih noe tansah soesah,
Malah mandar awal ahir bisa hasil.
Sepi ka paliasan.

2. Doeh koemaha atoeh takdir diri,
Na iraha kadar nja laksana,
Istoe matak kesel ngantos,
Geus pirang-pirang tahoen,
Tiban takdir njorang balahi,
Katerap koe wisaja,
Kabandjoer koe tenoeng,
Doeh Goesti koe kaniaja,
Naha moal moelih ka Geusan ngadjadi,
Moelang ka tempat asal.

3. Ngatjatjang teh bet koe anteng teuing.
Ambleng kawas teu aja kamelang,
Ka noe salajang-solojong,
Diroengroeng koe kabingoeng,
Bingoeng mikir polah noe diiring,
Matak pisan hontjewang,
Sok sieun kasaroeng,
Moega sing melang njoreang,
Masing elings oerang anoe koedoe ngaping,
Kana titilar ejang.

4. Geuning boekti kawas lanas hoei,
Teu katara pisan arasoepna,
Djinis hoei teh kadeseh,
Kalindih koe bilatoeng,
Toengtoengna mah djadi moebadir,
Henteu bisa kadahar.
Sanadjan koe doeloer,
Da hoei kabojong lanas,
Boegan saha djadi kasilih koe djoenti,
Tangkal kamanganteuhan.

5. Misil hidji roepa tangkal kai,
Anoe moeloes teu katerap hama,
Gomplok daoen hedjo lembok,
Doemadak aja manoek.
Eunteup dina eta tangkal kai,
Ngadahar hidji boeah,
Mangandeuh noe lootjoe,
Sikina adjaib pisan,
Toeloej ragrag napel djadi dina kai,
Ampir ngalindih tangkal.

6. Ngan wekasan soemerah nja diri,
Ka noe Moerba ka anoe Wisesa,
Tinekanan maksoed hate,
Laoen-laoen dikaboel,
Handjat tina geusan balahi,
Soegan kalah koe sabar,
Bisa oge oendoer,
Oedar tina kasoekeran,
Anoe tobat Goesti boeroe maha Soetji,
Paparin bojoengan.

SINOM PANGRAWIT.

7. Ngangres ngenes nalalangsa,
Ari ras koe titis toelis,
Koelak tjanggeum bagdja awak,
woengkoel ngagoegoeloeng sedih,
Estoe matak berewit,
Ati roedet ti lelemboet.
Abong noe taja sarat,
Ja Alloh Rabboel Idjati,
Na iraha abdi teh handjat daradjat

8. Ti awit pisan goemelar,
Parantos ngaraos ketir,
Sok inggis matak manoelar,
Estoe henteu weleh mikir,
Mikir sieun ngagilir,
Moen lara sok djadi ngoeloer,
Ngoeloer ngandar ngoekoelar,
Toengtoengna teh djadi moentir,
Tjara oendat moeter teu kenging dioedar.

9. Kantoen ati noe ngatjatjang,
Wajahna nandangan gering,
Sanadjan hate koemapang,
da poegoeh teu bisa njangking,
Ngan bati oentang anting,
Hajang noeloeng sieun noendoeng,
Poegoeh aja panghalang,
Matak djadi langlang lingling,
Gioeng landjoeng lir weureu roedjak warirang.

10. Rek nalang banget hariwang,
Hariwang sieun dipoesing,
Ari ras loba kamelang,
Noe wadjib pisan didjaring,
Tapi nadjan tjaringtjing,
Teu weleh sieun kapahoeng,
Hajang bisa ngaroentjang,
Saibarat pasang djaring,
Tjai herang tapi laoekna sing beunang.

11. Moen kiroeh tjaina gagal,
Nja tanwande moal hasil,
Tjai letjek laoek lingbsa,
Maksoed samar bisa djadi,
Tjatjak djeung titih rintih,
Henteu migawe moeroegoel,
Tina sieun kasasar,
Toengtoengna sangsara diri,
Boentoe lakoe kembang hamo djadi boeah.

Ngan moal weleh neneda,
Ka Goesti noe Maha Soetji,
Neda ka noe sipat Rahman,
Malah mandar aja milik,
Milik bisa ngadjadi,
Sakoemaha noe dimaksoed,
Tebih goda rantjana,
Ginandjar rahmat Jang Widi,


Toko en Drukkerij Pasoendan
Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pangadjaran sakola sakola sareng ausan sepoeh anom.

Nemke medal wawatjan Angling darma f 1.75
Ww. Sadjarah K. N. Moehamad (ngamanah 10, ongkos vrij) f 0,25
Goeritan sakola f 0.06
Neng Hajati f 0.50
Paririmbon sepoeh f 0.15
Biantara Democratie f 0 12[5]
Bataratama 3 djilid f 1.50

Djabi ongkos ngintoenkeun.



Hatoer oeninga!

Toko Soenda midamel babakan, tebihna ti Aloen Aloen Tasikmalaja, nganggo delman 3/4 djam, kareta mesin 1/2 djam, oto 1/4 djam, ma'ah ka telahna oge Babakan Soenda bae, ieu Babakan di damel tempat pikeun plesiran, goena kasenangan sareng spor, disajagikeun roepi-roepi kaamengan, di sitoe njondong roepi-roepi paraboe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kenging dianggo sapamilu, kakiatan 24 panoempang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kenging dianggo pelesiran. sajagi Buffet iasa kenging roepi-roepi katoeangan, sareng leueuteun, oepami anoe bade lebet, kedah bajar entre 10 cent, pikeun sagala bangsa. Noe njandak kareta mosin, di sajagikeun tempat moeng kedah meser nomer 2 1/2 cent, soepados oelah itjal sareng ngagampilkeun ka Pangoeroes.

B. S. A.



TEGELFABRIEK
„NAJA"
Goenoengsabeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabinggahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.



Toko NIC MULLER
TASIKMALAJA.

Goenoenglados 15 telefoon 26.

Tjari orang satoe jang tjoekoep pinter boeat dagang keliling sama grobag, toko, pake koeda, orang misti bisa toelis dan batja dan masoep tanggoengan.

Tjari satoe orang soepaja djadi Djoeroetoelis ka doewa.

Misti dateng di Toko



9

Schoenmakerij en Kleermakerij
„Malah Mandar".

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi rakseekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih moedena tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawoena.

Oge njajagian sloep-sloep, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen
O. Sasmita.

N. B.
Toedoeng Panama
noedidamel tina palm f 8,—
„ „ „ djakal f 2,50
strobin (pamoelasna) f 0,25



Al-Imtisal

Serat chabar basa Soenda diboekoekeun kaloear sasasih 2 kali njarioskeun agama Islam (woengkoel), diserat koe hoeoef Walanda iwal dalil-dalilna

| Pangaos langganan | Pangaos advertentie |
| --- | --- |
| pikeun di Hindia 3 Sasih . . f 1,20 | 1/1 katja . . f 4.— |
| loear Hindia 3 Sasih . . f 1,80 | 1/2 „ . . f 2.— |
| dibajar ti pajoen. | 1/4 „ . . f 1,25 (dimoeat sakali). |
| | Langganan langkoeng mirah. |

Padamelan atanapi barang dagangan anoe dimoeat dina advertentina, tangtos bae enggal mashoerna enggal kaoeningana koe djalmi seueur margi: Al-imtisal prantos gadoeh langganan tjekap seueuna

Noe ngadjeng[2] Adm. Al-imtisal di Stationweg
TASIKMALAJA.



Wawatjan „Wajang Poerwa." f 1,25

Boekoe Democratie f 0,12[5]

Sajagi seueur keneh.

Kaoentoengan Wajang Poerwa anggoeun „H. I. S. Pasoendan" Tasik.

Enggal!!! garaleuhan.

Bestuur Pasoendan Tasik.



Milari langganan.

Oepami djoeragan noedjoe teu damang lantaran soengkawa manah, oelah lali kana boekoe wedalan Boekhandel en Uitgeverij „Tjikiraj" sapertos:

| | |
| --- | --- |
| Waw. Ardjoenawidjaja | f 1— |
| Waw. Kiamat Leutik | f 0 30 |
| Tjarios Pegat oendangan | f 1.10 |
| Hajong kagoengan garwa noe anom | f 0.50 |
| Waw. Anglingdarma I | f 1 75 |
| Waw. „ II | f 1.50 |
| Waw. Naraka Doenja | f 0.40 |
| Djoemblah pangaos | f 6.55 |
| ongkos ngintoen rembours | f 1.45 |
| Pangaos sadaja | f 8.— |

namoeng oepami djoeragan ngintoen postwissel f 4.— tangtos eta boekoe sadajana dikintoen franco doegi ka boemi djoeragan. Ieu atoeran kangge reclame moeng doegi ka sasih Maart '27 bae, salangkoengna kedah pangaos biasa.

Noe ngantos-ngantos pesenan

Boekhandel & Uitgeverij TJIKIRAY
Soekaboemi.



Toko Boekoe
WEBER

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Prijscourant Anjar.

Parantos sajagi:

Barang-barang seueur sareng marirah Prijscouran kenging dipoendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.

Hoermatna
H. E. Taijlor Weber.



Ketoe Oedeng Makerij

HALIM

West Paser straat 16 Bandoeng

16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas a.s.t. ngawitan pangaos f 2 25 f 2.5 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng saterasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Najagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang pelang geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan genra njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang ena. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djonas ena.

Moeloes djoedjoer taja halangan ha-
roengan.

Pamarat Langit.

## Makan pagi.

A: Toemaros eta perkawis njarang (soepaja oelah hoedjan), leres atawa henteu?

B: Na saha noe keur njarang?

A: Ie, eta wae oepami di noe keur hadjat kariaan ngawinkeun atawa pesta pesta geuning.

B: Na geus manggih noe njarang teu hoedjan?

A: Noe mawi parantos, di anoe, di anoe . . . . , .

B: Tah geuning! sakitoe leresna.

A: Eta hajang terang noe sajaktosna, koemaha eta teh, da disakola mah, teu aja pangadjaran kitoe.

B: Teu diadjarkeun bae, soegan.

A: Anoe mawi toean Goeroena he teu oeningaeun, malah teu pertjajaeun.

B: Meureun bae da toean.

A: Ka djoeragan-djoeragan Goeroe noe sanes oge, kitoe. Moenggaja saoerna: „dewek oge tjara silaing bae", lebah eta mah.

B: Eceedaa. Ari oedjang hajang tarang lebah manana?

A: Eta noe teu kahartos teh, aja hoedjan kenging dipegatna

B: Djadi kahojong teh oelah kitoe? Atawa hojong pipiloeeun djadi toekang megatan?

A: Soemoehoen, koemaha engke wae oepami parantos kahartos mah.

B: Koemaha moen kahartos tapi dipetjak-petjak teu matih.

A: Tjoemah oepami kitoemah.

B: Matih, tapi teu koengsi kahartos. Tjik mending mana?

A: Doeoeka etah.

B: Lain doeka. Tjik tjingtjirining tedak sakola, bener ta henteu pamilihna.

Mending boekti teu kaharti. Atawa meding harti teu boekti?

A: Oepami tiasa mah mending nja boekti nja harti bae.

B: Koemaha moen teu hidji-hidji atjan tjara toean Goeroe, maparin harti teu iasa boekti komo.

A: Sadaja-daja.

B: Ke ding ngarti wae, atoeh nja ngan teu manggoeng matih henteuna.

Njokot [illegible] hidji balikkeun; pek tjeblokkeun kana taneuh pipir dapoer Woer deui bounjeur ka boeroean. Pek parantjahan ngan sapandjang hadjat oelah nginoem.

A: Adoeh eta teu kenging nginoem.

B: Enja tapi keun bae, da oedjang mah moal koengsi prak.

A: Koemaha barang teda?

B: Malah koedoe poeasa.

A: Doepi parantjahna tea koemaha?

B: Eta mah di kampoeng'kampoeng ge rea. asal kersa naros bae, ka bangsa kolot toekangna. Tapi tangtoe djawabna djeung padikana roepa-roepa.

A: Adoeh-adoeh - adoeh. Eta teh koemaha noe mawi aja hoedjan kenging didjagaan?

B: Bet belet oedjang mah. Kapan ngadjagaana oge, atjan.

A: Soemoehoen, eta noe parantos-parantos?

B: Ari noe parantos-parantos mah geus kaboektian. Apan tadi ge kajid, moen harti, oelah mapaj boekti.

Sabab boekti mah, bagean anoe nandangan. tegesna anoe pertjaja. Ari oedjang karek koe tau nginoem oge geus hoream.

A: Soemoehoen ari disakola mah saparantos kaharti teh sok teras kenging diboektikeun, sapertos dina natuurkeunden, hal es. listrik a. s. b.

B: Sabab Goeroena iasaeun.

Ari kana hal anoe saroepa kieu mah, apan tjek oedjang sorangan tadi boro-boro ngarti, pertjaja ge, henteu. Tangtoe mo beunang dipaksakeun kawetanan dioedag koe kieu kakoelonan.

? ? ?

A: Eta naon sababna karoehoen ari woewoeroek sok koe siloka bae henteu digeplak-geplakeun, soepaja tereh atawa gampang kaharti, koe noe barodo.

B: Da lain keur noe barodo, bagean toeroenanana noe boga pikir.

A. Kapan sarerea oge boga pikir.

B: Eta mah, pikir dipake mikiran deui.

A: Koemaha atoeh.

B: Ketip leneng, doeit kertas beulah, teu gantjang pajoe. Ana kitoe, pajoe tjek Malajoe mah perkara diolakang. Tapi kadjedjegan roepa doeit, anoe koedoe dioedji ti heula.

Njakitoe oeni kadjedjegan pikiran anoe koedoe diome. Oelah waka dipake mikiran lamoen si pikiran tatjan djedjeg.

Ari ieu pikiran tatjan djedjeg dipake mikiran omong kolot; ana gorebel teh, ngan tiap sangkaan, tjiptaan.

Pamanggih kolot, kaboekana koe kakolotan. Tapi kolot soteh lain kolot oemoer. Ajana di djelema pantar saha bae, ngan kadar noe geus djedjeg pikirna.

Koemaha noe teu djedjeg pikiran, njaba ka kota atoeh sasab, lain?

Tah eta sababna, samangsa nganaha-naha kana talatjakan kolot, tanda oerang masih ngora. Geuning aja basa Moehamad anom djeung Moehamad sepoeh atawa kanoman-kasepoehan, kakoelonan-kawetanan Astina-Pendawa.

Poerba rarang-Poerba sari wah rea deui.

A: Kieu ari pikiran koering mah; noe kolot noengtoen (moeka-moekakeun) ka noe ngora. Tangtoe noe ngora teh tjaang.

B. Enja, djadina tjaang-ngora, lain tjaang kolot.

A. Ke rada poëk; naon bedana?

B: Tjaang-ngora, babadoeg; boga rasa pangnjahona, itoe kitoekeun, ieu kieukeun; itoe pitjeun, ieu ganti, nganjar-nganjari.

A: Ari tjaang-kolot?

B: Tjaang teh kolot. Tegesna noe kolot tara aja kabingoengna, tjek basa tea mah legok tapak, genteng kadek, tara bingoeng koe noe oemoem, tara soesah koe biasa.

A: Eta, tara bingoeng koe noe oemoem?

B: Kaboeroe djadi oemoem. Koe itoe, teu koengsi diseboet abang, koe noe ajeuna, teu koengsi djadi tongtonan aja lalaki digeloeng. Djinisna eta keneh.

A: Oepama kitoe, nja robah-robah tea.

B: Enja. tapi lain tjarekeun; tah ngarana rahajoe.

Noe matak pikiran ngora sesemet njaah kana babandaan. Rek timboelna njaah kana banda sorangan, (noe enja teu) dimana geus boga pikir kolotean.

Geus kitoe ganti rasa, njaho bedana djeung goenana ketjap

sembah djeung sesembahan
tjekel „ tjetjekelan
bener „ bebeneran
banda „ babandaan
pikir „ pipikiran
dj. s. t.

Baheula njeboet andjing ka noe soekoe opat, teu karasa sorangan noe gagag gogog kana kaboga atawa pamolah batoer.

Baheula njeboet bagong ka noe di leuweung, teu karasa sorangan sok soesoengkoer sanadjan ka noe lain bak.

Baheula sedja ngomean batoer, teu karasa sorangan rametek keneh koe gengeuleuh. Lain geuleuh samping badjoe, tapi njawana anoe keur kabawa kotor.

Geura pek tatanja ka dokter ti Eropa, njoehoenkeun resep delitan kitoeh!

? ? ?

? ? ?

Tengange teu panas poë, hoedjan ngaririntjik, tjikaratjak teu daek ngantjik, oeloebioeng ngakandoeng bingoeng, basisir lir noe sasar, pasisian kapisanan, di kaler geus kateler, oeraug kidoel enggeus kedoel, di wetan rek pepegatan, oerang koelon geus kaoeloen. Deudeuh oetoen indji, tjing geura ngahidji, tjarandak HI djeung DJI.

Sakadar mopojanan ngan moal nerangkeun dadas ka hampesna, embah rek njarita. „Deudeuh oetoen, indji tjing geura ngahidji".

HI bagian si oetoen, DJI bagian si indji,

Moen oetoen henteu HI tegesna roep, indji meureun ngedjat ngadjaoehan, nja kitoe deui indji lamoen teu DJI meureun mandjah moal ngarandakah, sereh moal ngarendekeh, palias rangrang maroerag, koe emboeng siroeng taloempoer, nadn pamoelang tarima ka iboe rama? goegon toehon teh hidji adat noe pangaloes aloesna.

Goegon toehon noe mana noe koe embah diseboet pangaloesna, kade kaliroe, nja eta goegon toehon „ngahidji" tea:

Kahajang embah adat eta teh oelah leungit, geura embah mah da resep lalamoenan, dina waktoe indji geus oemoer 16 taoen leuwih, toer indji geus boga bebene. gauwat indji njarios ngoeningga ka iboe rama, soepaja oetoen indji boeroe-boeroe ngahidji.

Lamoen indji dina oemoer sakitoe tatjan aja noe mikarep; indji papatjoesan oelah rek moengpang ka saoer sepoeh, indji teh koedoe daek direrepok koe kolot. Koe daekna oge eta geus asoep kana moelang tarima ka sepoeh.

Indji!! Deudeuh geulis, moal kadjadian indji moal-moal! jen lamoen geus ngahidji bakal pegat lantaran indji teu bogoh da boga katjinta baheula, padahal noe dipitjinta teh teu daekkeun moendoet indji ka toeang rama, mending oge kadoa rama ti batan katjinta indji noe teu daekkeun ngalamar dina waktoe indji geus oemoer sakitoe.

Lamoen indji geus ngahidji tangtoe indji datang tjinda, datang njaah ka tjaroge, asal indji mopohokeun ka pertjintaan baheula, asal indji satia ka tjaroge noeroetkeun papagon agama ari agama tea oetoe ngandoeng roepa-roepa maksoed, saperti: kasabaran katawekalan, kabeungharan, kasehatan kagetolan, kaakoeran dj. s. t.

Geura oetoen-indji, embah rek njatitakeun tina hal salat. (kasar-kasarna bae).

Lamoen djalma keur poesing, toeloej woedoe (woeloe) prak salat tangtoe leungit kapoesingna.

Dina waktoe oerang salat oerang ngalampahkeun tawekal.

Noe osok salat di istri tambah kaboga, nja eta boga moekena, di lalaki boga saroeng 2—3, sanadjan noe ahli disetelan tangtoe merleekeun boga samping, djadi leuwih kabogana, lain beunghar? Oepadi lamoen ngalampahan djabaning salat (toetoeran agama Islam).

Noe sok salat, oeratna getihna djadi aloes lantaran karoengkah - rengkoeh, tetela leuwih aloes ti batan dansa, leuwih aloes ti batan djalan-djalan, sabab salat mah ngarengkah-rengkoeh anggahota dibarengan djeung inget ka Allah, nja eta goesti noe ngadamel oetoen djeung indji, tjing manahan perloe inget atawa henteu? koe salat teh nambahan kasehatan.

Lamoen oetoen indji daek salat moal kabeurangan ka kantor; moal kabeurangan ka pasar, da meureun goegah soeboeh-soeboeh.

Lamoen oetoen indji daek salat tambah ka akoeran, tambah goejoeb rea batoer, da mindeng berdjamaah, dina poë Djoemaah atawa dina waktoe waktoe noe sedjen.

Aja samboenganana

# K A B A R

(Tina s. k. Walanda)

Kali Serajoe bandjir. Karangkobar, Bandjarnegara, Banjoemas kakeueum. Aja djelema noe titeuleum. Rea imah djeung barang-barang noe palid.

—o—

Raden Ajoe Kg. Dalem Koeningan poepoes di roemah sakit Gemeente Tjirebon „Oranje". Djinadjatna ditjandak ka Koeningan. (Moegi-moegi kenging rachmat di kalanggengan Red. Sip.).

—o—

Bedrijfspremie (peresen) personeel S. S. tahoen 1926 satengah gadjiheun bakal dibagikeun dina panoetoep Februari 1927.

—o—

Koeminis noe ditangkep di Blitar aja ± 1000.

Noe dipoerstel diboeang ka Digoel ± 250.

—o—

Mussolini noe ngageugeuh (Dictator) Itali njieun sirkoelir ka sakabeh kapala nagara jen kahareup teu meunang aja kadjadian kakasaran djeung paksaan atawa ngaroeksak sagala roepa ti pihak kaom facisten.

—o—

Si Patai kapala ngaraman di Soematra koelon geus dibedil koe sersan Menado Lindong sarta paeh. Mimiti kapanggih doea soeroegan Si Patai koe Militer. Toeloej ditanja sarta dipaksa sina noedoehkeun tempatna Si Patai. Ti dinja Si Patai njampeurkeun sarta ngabedil koe broning. Militer ngabedil. Pelor Si Patai taja noe keuna.

Boejoeng Saroen batoer Si Patai paeh. G. G. nelegram ka Major Rhemrev pedah Lindong geus ngabedil Si Patai.

—o—

Oetoesan nagara Tiongkok She di Amerika Sarikat menta katerangan ka Amerika naon maksoedna Amerika ngirimkeun balad ka Tiongkok. Amerika djawabna moal nitah eta balad handjat ka Tiongkok, oepama teu katjida perloena. Ieu mah perdjagaan woengkoel.

—o—


## Ngalih

Dina kaping 1 Januari parantos ngalih ti Tasikmalaja ka Bandoeng (Kadjaksaän 20)

**Boekenverzendhuis**

**L. A. LEZER.**

Prijscourant 1927 parantos sajagi.

**Sajagi kareta Mesin Merk SIMPLEX sareng Merk Europa (England).**

Sajagi Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS
ka Garoet djam 7 endjing
ka Koeningan djam 7 endjing
ka Karangnoenggal djam 7 endjing
ka Bandjar djam 7 endjing sareng djam 12 endjing.

Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora rowa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas.

Stopflesch noe nganggo djing-djingan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sadjaba ti eta,

**TOKO BENG**

Tasikmalaja Tlf. No. 2.

**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Roemah 18

TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekkes, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping sapados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**

3 **MAS.**

## YO TEK SENG

**(Toko PIRING)**

**TASIKMALAJA.**

Telf. 70.

Per S. S. „UARDA" dari Hamburg (Duitschland), kita baroe trima roepa-roepa Stoples dan Winkelfles (keler tempat koewe-koewe). Sebab kita sengadja pesen Winkelfles dengen menoeroet kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoepnja petja, soesa dapet gantinja, sekarang kita sengadja pesen toetoepnja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoepnja.

Pada toean-toean jang soeda beli Winkelfles dari kita, kapan toetoepnja petja, bisa dapet beli dari kita dengen harga f 0,75, satoe bidji.

Kita poenja Stoples dan Winkelfles, kita tanggoeng kaloearan Fabriek di Hamburg (Duitschland).

**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel 1, Moertjes, Ameropa, Delftsche post. Sigaretten Abdulla, Glysma, Felucca, Maspero Kyriazi.

Roepa-roepa port, malaga etc.

Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**

13 **TASIKMALAJA.**

**COIFFEUR**

**B. OETIH**

Toekang maras

Djadjawaj Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja tiolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjantenan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilaka salira. Mangga saroemping.

Noe ngantos

19 **B. OETIH**

Tjaket Soos. K, M. Tasikmalaja

## Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah

damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan **Tjitjoeroek.**

## PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atanapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong AGER HOENKWE atanapi PUDDING tinangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina BOBORAN SIJAM sok raos ngaleueut anoe tiis-tiis, nja eta saroepi ijs sareng sirop, komo bae oepami nganggo TJENDOL noe didamelna tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoen rembours.

Atoeran nganggona Gratis!

**LOTERIJ WANG BESAR**

goena protestantsche Weeshuis Semarang
di main paling laat 1 Juni 1927

| | |
|---|---|
| 1ste prijs . . . . . . . . . . . | f 150.000 |
| 2de „ . . . . . . . . . . . | „ 100 000 |
| dan lain - lainnja prijs sampe . . . . . . . | „ 400 000 |

Harga per lot f 11.— Porto f 0.35. Rembours f 0.75.
Pesen 3 lot ongkos vrij. Trekkinglijst dikirim gratis.

**Njonja TJOA TJOEN GOAN**

Halte Tjitjoeroek (Preanger)